# Kat Kont Depans Humana (Spending Account Card)

## Yon kat, **jiska twa (3) alokasyon**

**Kat Kont Depans Humana a** pèmèt ou jwenn jiska twa (3) alokasyon pami sa yo endike pi ba a, ki baze sou avantaj ki nan plan ou an. Ou ka sèvi ak alokasyon ou yo pou ede ou peye pwodui ki elijib yo ak sèvis distribitè k ap patisipe yo kouvri. Pou ou konnen avantaj, alokasyon, kantite lajan alokasyon ki disponib nan plan ou an, ansanm ak konbyen fwa yo depoze lajan sou kat ou a, egzamine Rezime sou Avantaj ki nan plan ou an.




### Alokasyon pou Chwa Medikal

Alokasyon **pou Chwa Medikal la** se yon mwayen pou ede ou jwenn bagay esansyèl ou bezwen chak jou. Sèvi ak li pou:

- **Manje ki bon pou lasante**
- **Pwodui yo vann san preskripsyon**
- **Lwaye oswa ipotèk**
- **Entènèt ak sèvis piblik yo**
- **Atik menajè ak pwodui pèsonèl**
- **Swen bèt domestik**
- **Aparèy pou asistans**
- **Kontwole ensèk nuizib**

### Alokasyon pou medikaman yo vann san preskripsyon

Itilize alokasyon **ou genyen pou pwodui distribitè, k ap patisipe yo, ki nan rezo a vann san preskripsyon yo (OTC)**, tankou CenterWell Pharmacy®, pou pwodui tankou:

- **Medikaman OTC yo tankou analjezik ak gout pou tous**
- **Bwòs dan, dantifris ak krèm pou dan**
- **Sèvyèt pou netwayaj ak sèvyèt pou kontwole blad pipi a**
- **Pansman ak pwodui pou premye swen**
- **Vitamin ak mineral**

### Alokasyon Flex

Yo kapab itilize **Alokasyon Flex la** pou peye sèvis pou dan, je ak zòrèy plan an kouvri lakay founisè swen k ap patisipe yo ki gen kòm prensipal aktivite pran swen dan, je oswa zòrèy, epi ki aksepte Visa®. Ou ta ka itilize alokasyon ou an pou ede ou peye pou:

- **Fè Netwayaj nan dan**
- **Fè Egzamen je**
- **Linèt ak vè kontak**
- **Fè egzamen nan zòrèy ak pou aparèy pou tande**
- **Kopeman ak koasirans pou swen nan dan, nan je ak nan zòrèy, plan an kouvri**

**Rele yon ajan komèsyal nan Humana ki otorize pou ou aprann plis**

Humana.

Tout non pwodui, logo, mak ak mak komèsyal yo se byen pwopriyetè respektif yo, epi menmsi yo itilize yo, sa pa vle di yo apwouve yo.

Humana se yon òganizasyon Medicare Advantage HMO, HMO SNP, PPO, PPO SNP ak PFFS ki gen yon kontra Medicare. Humana se yon plan Swen ki Kowòdone (HMO D-SNP) ki gen yon kontra Medicare epi yon kontra nan pwogram Medicaid ki nan eta a. Enskripsyon nan plan Humana sa a baze sou renouvèlman kontra a.

Kalite alokasyon sa yo ak kantite lajan yo varye selon plan an ak kote a. Si plan ou a gen ladan plizyè alokasyon, yo p ap kapab mete alokasyon yo ansanm. Pa gen okenn montan sou alokasyon pou Chwa Medikal yo ki ka itilize pou achte preskripsyon oswa sèvis Medicare kouvri, ni yo pa ka konvèti l sou fòm lajan kach. Yo ka aplike lòt restriksyon ak limit.

* Balans yon mwa pou alokasyon Chwa Medikal yo kapab transfere nan yon lòt mwa sou mache sa yo: Arkansas, Iowa, Missouri, Montana, Nebraska, Oklahoma, South Dakota, Utah, Washington, Wisconsin, Wyoming.

## Important

### Nan Humana, li enpòtan pou nou trete ou yon fason ekitab.

Humana ak filyal li yo respekte lwa Federal sou dwa sivil ki aplikab, epi yo pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, zansèt, etnisite, sèks, oryantasyon seksyèl, si ou se fi oswa gason, idantite seksyèl, andikap, laj, eta sivil, relijyon oswa lang nan pwogram ak aktivite l yo, tankou nan admisyon aksè, trètman oswa travay nan pwogram ak aktivite li yo.

- Yo deziyen depatman sa a pou jere kesyon konsènan politik kont diskriminasyon Humana yo: Discrimination Grievances, P.O. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618, **877-320-1235 (TTY: 711).**

### Gen èd ak sèvis oksilyè gratis ki disponib pou ou. 877-320-1235 (TTY: 711)

Humana bay èd ak sèvis oksilyè gratis, tankou entèprèt kalifye nan langaj siy, entèpretasyon adistans sou videyo ak enfòmasyon ekri nan lòt fòma pou moun ki gen andikap, lè èd ak sèvis anplis sa yo nesesè pou asire yon opòtinite egal pou patisipe.

### Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri rele nimewo sèvis kliyantèl nou nan 877-320-1235 (TTY: 711). Orè Fonksyònman: 8 a.m. jiska 8 p.m. Lè nan zòn Lès.

**Español (Spanish):** Llame al número indicado para recibir servicios gratuitos de asistencia lingüística. **877-320-1235 (TTY: 711).** Horas de operación: 8 a.m. a 8 p.m. hora del este.

**繁體中文 (Chinese):** 本資訊也有其他語言版本可供免費索取。請致電客戶服務部：**877-320-1235（聽障專線：711）**。辦公時間：東部時間上午 8 時至晚上 8 時。